

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran saméméhna, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur carita ngagunakeun tiori Robert Stanton, tuluy ngabandingkeun struktur carita anu ngawengku téma, palaku, alur, jeung latar. Objék panalungtikan dina ieu skripsi nyaéta novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E jeung novél *Memoirs of a Geisha* karya Arthur Golden.

Novél *Kembang-Kembang Petingan* nyaritakeun kahirupan wanoja anu miboga pakasaban “ungkluk”. Éta wanoja téh ngaranna Enok Rumasih, tapi nalika geus di warung Mamih ngaranna jadi Tita. Saprak pisah jeung salakina lantaran kabur jeung “awéwé bangor”, Enok teu percaya deui kana omongan jeung jangji ti lalaki. Kondisi ékonomi di lemburna anu handap, sarta kudu ngurus dua budak anu masih kénéh laleutik maksa Enok kudu ninggalkeun lembur pikeun néangan gawé ka kota. Di kota, Enok kalah tikunclung ka warung Mamih, jadi ungluk. Novél *Kembang-kembang peritngan* bisa mawa anu maca ningali kahirupan “awéwé bangor” nalika gawé, ancrub di masarakat, jeung kahirupanana di kulawarga.

Novél *Memoirs of a Geisha* nyaritakeun Sakamoto Chiyo anu tikunclung jadi *geisha*. Nalika leutik manéhna dijual ku bapana ka Tuan Tanaka, anu satuluyna dibawa ka imah *geisha*. Nalika jadi *geisha* ngaran Sakamoto Chiyo robah jadi Nitta Sayuri. Eusi tina ieu novél nyaritakeun kumaha tokoh Chiyo bajoang sangkan jadi *geisha* anu kawéntar, tujuanana ngan hiji, hayang papanggih deui jeung Ketua.

Téma dina novél *Kembang-Kembang Petingan* jeung novél *Memoirs of a Geisha* nyaéta ngeunaan *perjuangan*, boh ti tokoh Enok boh ti tokoh Chiyo. Duanana sarua boga harepan-harepan anu wani disorakeun ngaliwatan dialog-dialog sarta pamikiran dina eusi carita. Alur dina novél *KKP* jeung *MoG* loba nu bédana. Analisis alur dipasing-pasing jadi lima bagéan, nyaéta *eksposisi*, *generating circumstances*, *rising action*, *climax*, jeung *denouement*. Sanajan béda, aya jalan carita anu miboga sasaruana. Dina novél *Kembang-Kembang Petingan*,  
**Lisna Anggraeni, 2018**

**BABANDINGAN STRUKTUR CARITA NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN  
KARYA HOLISOH M.E JEUNG NOVÉL MEMOIRS OF A GEISHA KARYA  
ARTHUR GOLDEN**

palaku Enok papanggih jeung Handi anu bisa ngarobah manéhna jadi sumanget, robah jadi wanoja anu bener. Sedengkeun dina novél *Memoirs of a Geisha*, Chiyo papanggih jeung Ketua anu nyababkeun manéhna jadi sumanget sangkan jadi *geisha* anu kasohor di Jepang. Ahir carita novél *KKP*, nyaritakeun Enok anu keur manggihan kabingung, naha kudu balik deui jadi awéwé bagor atawa tetep mertahankeun jadi istrina Handi, sabab jadi wanoja bener masih can bisa ditarima ku dunyana (masarakat). Sedengkeun ahirna dina novél *MoG*, Chiyo dibawa ka Amerika ku Ketua sangkan bisa hirup babarengan.

Unggal wilayah atawa nagara béda puseur implenganana dina ngagambarkeun réaksi ngeunaan pasualan kawanojaan. Di Indonésia, wanoja anu jadi *PSK* dianggap rereged masarakat, sedengkeun di nagara Jepang ngaliwatan budaya *geisha*, hal anu kitu dianggap teu jadi pasualan anu gedé. Palaku utama dina novél *KKP* nyaéta Enok Rumasih, sedengkeun dina novél *MoG* nyaéta Sakamoto Chiyo, duanana wanoja.

## 5.2 Impikasi

Implikasi anu dipiharep sabada réngséna ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmu nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan kajian sastra bandingan, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik leuwih jero.
- b. Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda, utamana maké pamarekan sastra bandingan ngeunaan novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E jeung novél *Memoirs of a Geisha* karya Arthur Golden.
- c. Pikeun mahasiswa/pelajar, jadi bahan pustaka dina panalungtikan kahareupna.

## 5.3 Rékomendasi

Sanggeus panalungtikan ngeunaan babandingan struktural carita novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E jeung novél *Memoirs of a Geisha* karya Arthur Golden dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak nu

**Lisna Anggraeni, 2018**

**BABANDINGAN STRUKTUR CARITA NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN  
KARYA HOLISOH M.E JEUNG NOVÉL MEMOIRS OF A GEISHA KARYA  
ARTHUR GOLDEN**

aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan leuwih gemet deui nalika ngulik perkara sastra bandingan.

Kahiji, dipiharep bisa ngeuyeuban deui perkara sumber-sumber paélman nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun kamajuan élmu pangaweruh, hususna dina perkara karya sastra Sunda.

Kadua, lembaga paélman dipiharep jadi wadah nu bisa ngahudangkeun karep dina maluruh jeung nalungtik élmu jeung karya sastra.

Katilu, hasil panalungtikan téh masih aya kénéh kakurangan, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih maham ngeunaan konsép jeung kritéria sastra bandingan. Sabada ngabandingkeun dipiharep lain saukur meunangkeun sasaruana jeung bébédaanana wungkul, tapi bisa katitén konsép pangwangun dina karya sastra boh éta fakta carita boh éta téma carita. Lian ti éta, bisa meunangkeun pola-pola anu mindeng dipaké ku pangarang nalika nulis karya sastra.

**Lisna Anggraeni, 2018**

*BABANDINGAN STRUKTUR CARITA NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.E JEUNG NOVÉL MEMOIRS OF A GEISHA KARYA ARTHUR GOLDEN*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)